

Pran Dòz Rapèl Vaksen kont COVID-19 ki Ajou a ak Vaksen kont Grip la Jodi a!

Vaksen kont grip yo — disponib pou moun ki gen 6 mwa e plis — epi nouvo dòz rapèl vaksen kont COVID-19 la — disponib pou moun ki gen 5 mwa e plis — rekòmande kounye a. Ou ta dwe pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la. Yo kreye li pou pwoteje ou kont nouvo souvaryant omicron yo, si ou te resevwa dènye dòz vaksen kont COVID-19 la sa gen omwen de (2) mwa.

Èske mwen kapab pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la nan menm moman ak vaksen kont grip la?
Wi. Ou kapab pran yo an menm tan oswa apa.

Èske mwen kapab pran nouvo dòz rapèl kont COVID-19 la si mwen te gen COVID-19 dènyeman?
Wi, men panse pou rete tann twa (3) mwa apre ou fin gen COVID-19 la. Ou gendwa oblije pran dòz rapèl ou a si ou menm oswa yon pwòch gen plis risk pou w ekspoze ak COVID-19 la oswa malad grav akòz COVID-19 la. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la si ou gen kesyon, oswa rele **311** si w pa gen yon pwofesyonèl swen sante.

Ki dòz rapèl kont COVID-19 mwen ta dwe pran?

Ou kapab pran dòz rapèl Pfizer ki ajou a (si ou gen 5 mwa oswa plis) oswa dòz rapèl Moderna ki ajou a (si ou gen 6 mwa oswa plis), kèlkeswa mak ou te resevwa oparavan an.



Pou w jwenn yon kote yo bay vaksen, ale sou nyc.gov/vaccinefinder oswa rele nan 877-829-4692.
Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/covidvaccine oswa nyc.gov/health/flu.

